



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON L AP POZE POU PI BYEN PWOTEJE  
ANPLWAYE AYEWOPÒ NEW YORK**

***Lwa pou Pwoteksyon Anplwaye Transpò Piblik (Transportation Worker Protection Act) Pi Byen Pwoteje Anplwaye Ayewopò Eta a paske li Enpoze Plis Penalite pou Atak ki Fèt Sou Lye Travay la***

***Nouvo Pwojè-Lwa sa a Di yon Atak kont yon Anplwaye Ayewopò se yon Krim Klas D, e Pinisyon an Se yon Maksimòm Setan nan Prizon.***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse l ap pouse yon nouvo pwojè-lwa pou pi byen pwoteje anplwaye ayewopò kont atak e asire ke anplwaye sa yo jwenn menm pwoteksyon avèk lòt anplwaye transpò piblik atravè New York. Lwa pou Pwoteksyon Anplwaye Transpò Piblik (Transportation Worker Protection Act) di yon atak kont yon anplwaye ayewopò se yon krim klas D, e pinisyon an se yon maksimòm setan nan prizon. Aksyon sa a se poutèt atak yo te rapòte dènyèman an, ki te fèt sou yon anplwaye mizilman nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy mèkredi pase. Gouvènè a te anonse sa pandan yon konferans depreès nan vil New York, ansanm avèk Hector Figueroa, Prezidan Sendika Anplwaye Ayewopò 32BJ (Airport Workers' Union 32BJ).

“Nan New York, nou pa pral pèmèt moun tounen viktim abi oswa vyolans poutèt djòb yo, ras yo, oswa relijyon yo. Kòm frekans atak sa yo ogmante, n ap vin pi dilijan toujou,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lwa pou Pwoteksyon Anplwaye Transpò Piblik pwoteje anplwaye transpò piblik kont atak, e n ap pousuiv an jistis nenpòt ki atak, antanke krim. New York gen zewo tolerans pou entolerans, e nou pral travay avèk Sena a ak Asanble a pou fè lwa sa a tounen yon reyalite.”

“Chak jou, anplwaye ayewopò yo, kèlkeswa relijyon oswa ras yo, travay darachpye pou asire sekirite plizyè milyon pasaje,” **Hector Figueroa, Prezidan Sendika Anplwaye Ayewopò 32BJ, te di.** “Se pa nan lari sèlman diskriminasyon fèt; bagay sa yo rive nan travay tou. LWA enpòtan sa, se yon bon jès pou pwoteje anplwaye ayewopò e di yo mèsì pou jan yo travay di.”

**Lwa pou Pwoteksyon Anplwaye Transpò Piblik**

Anplwaye transpò piblik nan New York, pou otobis, tren, sistèm ray, avèk ayewopò, ede

transpòte dè santèn de milyon de pasaje san danje pou yo rive adestinasyon chak ane.

Dapre lwa ki anplas deja, atak ki fèt kont anplwaye transpò piblik – tankou operatè otobis, operatè tren, enspektè tikè, ak chofè – yo konsidere yo kòm krim Klas D. Sepandan, lwa sa a pa pale de anplwaye ayewopò yo spesifikman kòm fezan pati kategori anplwaye transpò piblik. Nouvo lwa a pwal retire nenpòt ki dout sou keksyon an, e mete klèman anplwaye ayewopò pami moun sa yo. Yon atak sou yo ap lakòz pi gwo penalite.

Pwojè-lwa sa a nan menm lanse avèk aksyon Gouvènè an poze deja pou ranfòse sekirite ak pwoteksyon anplwaye ayewopò. Yon ekip revizyon kolektif leta-federal te devlope resamman yon seri rekòmandasyon pou kapab amelyore repons ijans yo epi amelyore sekirite nan JFK. Baze sou revizyon an, New York ap reyalize kat (4) rekòmandasyon sekirite:

- Etabli yon sèl pwotokòl operasyon inifye yo pou tout fòs sekirite yo ki sou perimèt lan.
- Mennen ekzèsis fòmasyon kolektif ki kowòdone ant ajans sekirite lokal, federal ak Leta yo.
- Amelyore pwosedi evakyasyon nan etablisman ayewopò yo.
- Ekzije fòmasyon sekirite konpreyansif ap preparasyon ijans yo pou tout anplwaye ayewopò yo

An 2014, Gouvènè a te egzije yon ogmantasyon salè minimòm obligatwa pou anplwaye Ayewopò LaGuardia ak Ayewopò Entènasyonnal John F. Kennedy; salè minimòm nan te pase de \$ 9.00 a \$ 10.10 an 2015. Lalwa sou salè desan Gouvènè a pral ogmante salè anplwaye ayewopò nan vil New York a \$15.

Dènyèman, Gouvènè a te anonse tou fòmasyon yon Fòs Operasyonèl kont Krim Rayisman nan Eta New York (New York State Hate Crime Task Force) ki te gen kòm manm Lapolis Eta New York (New York State Police) ak Divizyon sou Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights), pou mennen investigasyon sou krim rayisman e ede kominote a pou bay moun New York enfòmasyon sou dwa yo genyen. Fòs Operasyonèl la pwal kowòdone tou avèk Pwokirè Distri lokal yo pou bay ankadreman nesèsè pandan pouwit jidisyè ka krim rayisman. Kèk nan anketè sa yo te deja ap fè ankèt sou krim rayisman potansyèl ki te fèt nan jou ki sot pase yo ki gen ladan yo swastika yo te jwenn nan plizyè lokalite nan Eta a.

Anplis de sa a, Gouvènè a te anonse fòmasyon yon Konsèy Konsiltatif Entèrelijye (Interfaith Advisory Council), Kadinal Dolan ap dirije, pou ede atenn yon nivo konpreyansyon ak tolerans ki pi apwofondi sou relijyon ak kilti yo, pwomouvwa espri ouvè ak enklizivite, epi ranfòse efò eta ap fè pou pwoteje tout moun New York.

###